*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 148 (25634)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 17 август — майрæмы мæйы 17 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪУЫДДАДЖЫ НЫХАС — *Бындурон цалцæг — скъолаты*
3 НЕ 'ГЪДÆУТТÆ — *Газеткæсджытæ фæрсынц*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Физкультурничы бон — Дзæуджыхъæуы*

**"Æфсад-2022"**

## Дунеон хæстон-техникон форумы...



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта дунеон хæстон-техникон форум "Æфсад-2022" æмæ Æфсæддон хъæзтытæ официалон æгъдуæй байгом кæныны.**

Уым байхъуыстой Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** раныхасмæ. Паддзахады разамонæг куыд бафиппайдта, афтæмæй ивгъуыд азты конд форумтæ равдыстой сæ ахадындзинад, дунеон æмвæзады хæстон продукцийы равдыстыты бацахста бæрзонд бынат. "Нæ адæм сæрыстыр сты не 'фсад æмæ флотæй, нæ хъахъхъæнджыты дæсныдзинад æмæ лæгдзинадæй. Алы рæстæджыты лæууыдысты Уæрæсейы хæдбардзинад æмæ æдасдзинады фарс, иннæ адæмтæн хастой сæрибардзинад. Абон дæр сæрмагонд хæстон операци Донбассы хæстонтимæ, Донецкы æмæ Луганскы Адæмон рæспубликæты сабыр царды сæраппонд æххæст кæнынц. Къахдзæфгай Донбассы зæхх сæрибар кæнынц", — загъта Президент.

Куыд ма фæбæрæг кодта, афтæмæй Уæрæсе тырны хæстон-техникон æмгуыстадмæ. "Абоны дуне бирæвæрсыг у æмæ нын уый тынг ахсджиаг у. Форум фæсарæйнаг бæстæты специалисттæн бæстæхъахъхъæнæн комплексы ногдзинæдтимæ базонгæ уæвыны фадат дæтты. Зæгъæм, хъуыдыгонд интеллектимæ, информацион æмæ радиоэлектронон ногдæр технологитимæ, конструкторон бюротæ æмæ наукон скъолаты раззагдæр æнтыстдзинæдтимæ. Форумы фæрцы хæстон æмæ хæстон-техникон æмгуыстад бантысдзысты. Дунеон æдасдзинад æмæ нывылдзинад æрфидар уыдзæн", — бафиппайдта Владимир Путин.

Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министрад куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы аз форумы архайынц 72 паддзахады, наукон хъуыддаджы программæмæ гæсгæ бирæ мадзæлттæ конд æрцæудзысты. Форумы фæлгæты скæндзысты фашизмы ныхмæ фыццаг дунеон конгресс. Уырдæм хуынд æрцыдысты 74 бæстæйы минæвæрттæ, архайдзысты дзы федералон Хицауад, дунеон æмæ уæрæсейаг æхсæнадон организацитæ, дины кусджытæ, историктæ, культурæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæ.

Конгрессы сбæрæг кæндзысты, Дыккаг дунеон хæсты Уæлахизмæ Советон Цæдис цы бавæрæн бахаста, уый. Уæдæ нацистон хъуыдытæ чи парахат кæны, уыдоны ныхмæ дæр æрлæудзысты. Форум "Æфсад-2022" конд цæуы Мæскуыйы бын парк "Патриот"-ы, Алабинойы полигоны, аэродром "Кубинка"-йы, æппæт хæстон зылдты æмæ Цæгатаг флоты 15 августæй 21 августмæ. Æдæппæтæй — 30 субъекты мидæг.

Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй форум æвдисы Уæрæсейы хæстон-промышленнон комплексы размæдзыд, инновацион куыстады рæзт. "Цæгат Ирыстон дæр ныр цалдæр азы æхсызгонæй сæмбæлы форумыл. Махмæ уыдзæн 19-21 августы. Бынæттон цæрджытæ, нæ уазджытæ æхсыгонæй сæмбæлынц форумы. Гæрзифтонг тыхты кад рæзы, уæдæ хъомыладмæ бар дары, æхсæнад æмæ æфсады 'хсæн ахастдзинæдтæ хуыздæр кæнынц", — фæбæрæг кодта Сæргълæууæг.

Дуенон хæстон-техникон форум "Æфсад-2022"-æн йæ бынат уыдзæн Дзæуджыхъæуы Терчы былгæрон Хъесайы-фырты уынджы. Æрбацæуæг адæм фендзысты нырыкков хæстон техникæ, цæттæ сын кæнынц хиирхæфсæн программæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Æрдзон фыдбылызты фæстиуджытæ**

## Ног донвæд

**Ногирмæ 'ввахс Терчы донвæд расыгъдæг кæныны фæдыл куыстытæ ацы къуырийы кæронмæ æххæстгонд æрцæудзысты.**

Цæгат Ирыстоны æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Кокуаты Виталийы** ныхасмæ гæсгæ, зæронд донвæд ногæй саразыны фæдыл куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц.

— Хидæй дæлдæр чи ис, уыцы сакъадах аиуварсгæнинаг у. Къуырийы кæронмæ ацы куыст сæххæст кæндзыстæм. Дон кæй аласта, фæстæдæр бульдозертæй уыцы æмбонд сараздзыстæм, — загъта министр.

Уавæрыл дзургæйæ, республикæйы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** бахæс кодта куыстытæ бæлвырдгонд афонмæ сæххæст кæнын.

**Нæ уацхæссæг**

**Æмгуыстад**

## Бадзырд бафыстой

**Дзæуджыхъæуы æмæ Ялтæйы администрациты сæргълæуджытæ МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав æмæ Янинæ ПАВЛЕНКО 2022-2024 азты горæтты 'хсæн æмгуыстады тыххæй бадзырд сфидар кодтой.**

Ацы хабар Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы разамонæг йæхи телеграм-каналы ныффыста.

Милдзыхы-фырты ныхасмæ гæсгæ, æрвылаз горæтты минæвæрттæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, ахуырады, культурæйы, туризм æмæ спорты къабæзты фæлтæрддзинадæй кæрæдзийæн хай кæндзысты. Уымæй уæлдай, базарадон-экономикон æмгуыстад æххæстгонд цæудзæн — товартæ æмæ лæггæдтæ кæрæдзимæ æрвитынæн арæзт æрцæудзысты иумæйаг равдыстытæ. 2014 азы апрелы кæй сфидар кодтой, амынд æууæлтæ ахъаз кæндзысты Дзæуджыхъæу æмæ Ялтæйы 'хсæн æфсымæрон ахастдзинæдтæ сфидар кæныны тыххæй уыцы бадзырд æххæст кæнынæн.

**Нæ уацхæссæг**

**Лæггæдтæ**

## Æрдзон газ — хъæууон цæрджыты хæдзæрттæм

**Горæтгæрон районы Джызæлы хæдзæрттæм газ кæронбæттæн уагæй куыд уадзынц, компани "Газпром газораспределение Владикавказ"-ы генералон директор ХЪОДЗАТЫ Алан уый инспекцион уагæй рабæрæг кодта.**

Ныры 28 æмæ фидæны 215 фæлхасгæнæгмæ газ бауадзыны фадат кæй фæрцы уыдзæн, стæй 3 километрæй фылдæр кæй дæргъ у, ныртæккæ хъæуы ахæм газуарæн хызæгты арæзтад кæронмæ фæхæццæ кæны.

Балцы рæстæг республикæйы газы компаниты сæргълæууæг адæмæн газы хызæгтимæ рæвдздæр баиу уæвыны фæткы: куырдиатбарвитæг кæй хъуамæ сæххæст кæна, уыцы æууæлты, документты номхыгъды, комплексон бадзырды хорздзинад æмæ газæй хæдзары æдасæй пайда кæныны хъуыддаджы — тыххæй хабæрттæ радзырдта.



— Ныридæгæн цæгатирыстойнæгтæй райстам хæдзæрттæ газы хызæгтимæ рæвдздæр баиу кæныны фæдыл мин дыууæсæдæ куырдиатæй фылдæр. Ацы куырдиæтты нæуæдз фондз процентæй сарæзтам бадзырдтæ. Бадзырдты æхсай аст проценты æххæстгонд æрцыдысты. Хъармгæнæн афоны райдайæнмæ æппæт куыстытæ сæххæст кæндзыстæм, — загъта Хъодзайы-фырт.

**Компани "Газпром газораспределение Владикавказ"-ы пресс-службæ**

**Æмбырд**

## Нысантыл — бæстон архайд

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы аппаратон æмбырд амыдта, уым раныхас кодта ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ. Министр куыд бацамыдта, афтæмæй хъавынц Уæрæсейы Рухсады министрадмæ куырдиат бадæттын, цæмæй нын нæ 69 ахуырадон кусæндоны бахæссой 2024-2025 азтæн конд скъолаты бындурон цалцæджы программæмæ.



Ацы нысантæн хъуамæ радих кæной 4 миллиард сомæй фылдæр. Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй скъолаты бындурон цалцæг у социалон ахадындзинадимæ ахсджиаг хъуыддаг. Бафæдзæхста министрæн, цæмæй фарстамæ сæ хъус дарой. Æмбырды ма æрдзырдтой Уæрæсейы Хицауады уынæффæйы тыххæй, хъуамæ Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районты бахæссой РЦИ-Аланийы экономикон рæзты мадзæлтты хыгъдмæ.

Экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр** куыд загъта, афтæмæй республикæ æмæ Уæрæсейы Финансты министрад Уæрæсейы Хицауады №2980 уынаффæйы ивддзинæдтимæ сразы сты. Ныр документы проект æрвыст æрцæудзæн Уæрæсейы Хицауадмæ. "Цæгат Ирыстонæн ацы къахдзæф бæрнон у, Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районты рæзтæн федералон бюджетæй радих кæндзысты 6 миллиард сомы бæрц. Бирæ ахсджиаг фарстатæ лыггонд æрцæудзысты. Хъуыддагмæ æппынæдзух цæст дарут", — бафæдзæхста Хицауады Сæрдар.

Мæздæджы районы 12 августы изæрæй æрцыд тыхджын къæвда, дымгæ дæр йæ знæт ахаст равдыста. Ныртæккæ æрдзон фыдбылызы фæстиуджытæ иуварсгонд цæуынц. Уый тыххæй радзырдта районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Адырхаты Руслан**. Электрон æмæ доны æфсисад сног кодтой, уæлхæдзæрттæй цы æмбæрзæн дуртæ фæтахт, уыдон баивынæн дæр сæм æрмæг фаг ис.

"Роспотребнадзор"-ы регионалон управленийы хицау **Тыбылты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй ног коронавирусæй рынчынтыл республикæйы æфты. Сæ фылдæр сты, 50 азæй фылдæр кæуыл цæуы, ахæмтæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**"Машук-2022"**

## Фæсивæды ахсджиаг проекттæ

**Æппæтуæрæсеон фæсивæдон форум "Машук"-ы цæттæ кæнынц ахсджиаг бонтæм — проекттæ бахъахъхъæнынмæ. Цалдæр минутмæ форумы архайджыты хъæуы, проекттæн йæ ахадындзинад, йæ хæдхуыздзинад цæй мидæг ис, уый бавдисын. Сæ проект цас парахатдæр раргом кæной, уыйас — хуыздæр.**

Майрæмы мæйы 14 боны, æппæтуæрæсеон фæсивæдон проектты конкурсы эксперттæ **Евгений Гаврилов** æмæ **Юрий Купоросов** скодтой мастер-класс "Грантты конкурсы презентаци. Консультаци эксперттæй", — зæгъгæ, ахæм темæйыл.

Куыд хъæуы аудиторийы хъусдарды здæхт фæуромын, проекты хъахъхъæныны рæстæгмæ? Цавæр рæдыдтытæй хъæуы хи бахъахъхъæнын презентацийы рæстæг? Бирæ адæмы раз æдæрсгæйæ цæмæй дзурай, уый тыххæй цы хъæуы? Ацы фарстытæн "Машук"-ы архайджытæ райстой бæлвырд дзуаппытæ эксперттæй.

— Тынг ахсджиаг у уавæрыл сахадын. Бахъуыды кæнут, куыддæр уæ хъус аздæхтат, чи 'рбацыд кæнæ чи æрбахызт, уыцы уазæгмæ, уæд фæкъуылымпы уыдзæн уæ презентаци, афтæ зæгъæн ис, æмæ æнæхъæн аудиторийы дæр ныккъуылымпы кодтат. Æрмæстдæр дæ темæйыл хъуыды кæн, дæ бæлвырд фыст сценаримæ арæх кæсын нæ хъæуы. Кæд, мыййаг, афтæ раууад, æмæ фæкъуылымпы стут, уæд ахъуыды кæнут, цыма хорз кæй æмбарут, уыцы темæ уе 'мбалæн дзурут, — бацамыдта Юрий Купоросов.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

**Культурон царды хабæрттæ**

## Адæмон промыслæты республикон центр — туристтæн

**Цæгат Ирыстоны адæмон промыслæты центр туристтæ æмæ республикæйы иннæ уазджытæ алкæддæр зæрдиагæй бабæрæг кæнынц.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта центры генералон директор **Хекъилаты Татьянæ**.

"Æхсызгон нын у, æндæр регионтæй Ирыстонмæ æрбацæуæг адæм нæ центр бабæрæг кæнынмæ кæй тырнынц, уый. Туристон компаниты минæвæрттæ сæ уазджыты "сардауынц" махмæ, уымæн æмæ йæ зонынц, нæ центры уазджытæ ирыстойнаг зæрингуырдты куыстытæ кæй фендзысты (стæй сын сæ балхæныны фадат дæр уыдзæн) æмæ ма нæ адæмы историимæ дæр кæй базонгæ уыдзысты, уый. Туристтæ æмæ иннæ фæлладуадзæг адæм нæ центрæй сæхицæн зæрдылдарынæн ахæссынц Ирыстоны тæваг, алыхуызон сувениртæ балхæнгæйæ", — радзырдта Центры хицау.

Генералон директоры ныхасмæ гæсгæ, нывгæнджытæ, зæрингуырдтæ æмæ иннæ сфæлдыстадон архайджытæ тырнынц сæ куыстытæ нæ центры тæрхæджытыл равæрыныл, республикæйы уазджыты размæ сæ рахæссыныл. "Годжыцаты Изольдæйы арæзт куклатæ, куыстуат "Фæндыр"-ы музыкалон инструменттæ, Есенаты Æхсары, Байцаты Людмилæйы, Дзиуаты Асланы æмæ иннæ нывгæнджыты уацмыстæ... Æдæппæт — 300 алыхуызон сфæлдыстадон куыстæй фылдæр", — бафиппайдта Хекъилаты Татьянæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Бирæ лæвæрд кæмæн вæййы,*
*уымæй фылдæр фæагурынц.*

*НИГЕР*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **17 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **30-35 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **32-34 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,50

**Хурыскаст** — 05,10
**Хурныгуылд** — 19,00

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 61,38 ↑
**Евро** — 62,03 ↓

12+

# Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламентмæ æвзæрстытæ

РОССИЯ • ТРУД • НАРОДОВЛАСТИЕ • СОЦИАЛИЗМ

КПРФ

## Уæрæсе рацаразыны ссæдз æнæаргъæвгæ мадзалы

**1. Экономикæ æмæ банкон системæйы ахсджиагдæр къабæзтæ национализаци скæнын**

Фыццаг къахдзæф — Уæрæсейæ ацæуæг фæсарæйнаг компаниты активтæ паддзахадон исбонадмæ бахæссын. Спъиртджын нозтытæ æмæ тамакойы продукци уадзын æмæ уæй кæнынил паддзахадон монополи сæвæрын. Райрæзты бюджет дзы саразгæйæ, Уæрæсейы бюджет фæнывылдæр кæнын.

**2. Паддзахадон пъланкæнынад сног кæнын**

Уыцы нысанæн сæрмагонд Паддзахадон комитет саразын. Уымæн бахæс кæнын национ, къабазон æмæ къабæзты 'хсæн æмвæзады экономикон архайд координаци кæнын. Ног Паддзахадон пъланкæнынады сæйрагдæртыл снысан кæнын авиа, станоктæ æмæ автомобилон арæзтæдтæ, энергетикæ æмæ металлургийы æххæстхъом куыст. Лæггæдты æмæ товартæ уадзыны тагъд рæзт, тарифтæ æмæ æргъты сырæзтмæ цæстдард, бæрзонд технологиты размæцыдæн зæрдæдарæнтæ дæттын. Паддзахадон унитарон куыстуæтты проблемон акционерон æхсæнадты архайд рацаразын. Паддзахадон корпорациты куысты æгъдау сæвæрын.

**3. Уæрæсейы хойраджы æдасдзинадæн зæрдæдарæн дæттын**

Уæлдай æргом агропромышленнон комплексмæ аздахын. Хъæуты фæллойгæнджыты хъæугæ техникæ æмæ артаг, мыггæгтæ æмæ хъацæнтæй бафсадын. Хъæухæдзкуыстуæттæн аслам кредиттæ, комкоммæ субсидитæ æмæ дотацитæй æххуыс кæныны системæ саразын. Кадастрон аргъæй зæххы хъалон фидын сисын. Хъæухæдзмашинæарæзтад сног кæныны фарс балæууын. Хъæуы кадрты цухдзинад аиуварс кæнын. Уæгъд зæххытæ ивгæтыд бакæнын, зæрæстон зæххытæ бахуымы программæйы фæрцы, хъæуты зæххыты райрæзты егъау программæ сæххæст кæнын.

**4. Спекулянтты хибар архайд фесафын**

Бирæ адæм цы товартæ агурынц æмæ хойраджы продукттæ уæй кæныны паддзахадон ахæм хыз арæзт æрцæуæд. Уæй сæ кæнæд æппынкъаддæр аргъæфтыдтимæ. Царды зын уавæрты уæвæг граждæнтæн арæзт æрцæуæд æнæпроцентон кредиттæ æмæ социалон æххуысы картæты фæрцы.

**5. Фармацевтон компанитæ Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады æвджидмæ раттын**

Сæ куыст сын саразын хъæуы паддзахадон бавдыстытæ æмæ программæты фидар уагмæ гæсгæ. Нæ бæстæ схицæн кæнын хъæуы фæсарæйнаг препараттæ æмæ сæ компонентты дæлбарæй.

**6. Цæхгæр фæфылдæр хъæуы экономийы рæзтмæ бавæрдтытæ**

Уый тыххæй спайда кæнын хъæуы паддзахадон бюджеты фæрæзтæ æмæ Национ фæрнygaды фондæй, стæй куыстады фидæны тыххæй комкоммæ фæрæзты охыл æхцайы эмиссийы механизм саразынæй.

**7. Куыстад райрæзыны нысаны тыххæй саразын паддзахадон контрол экспорт æмæ импортыл**

Углеводороды экспорт сбæттын хъæуы бæстæйы мидæг газ æмæ нефты продуктты æргътæ фæкъаддæр кæнынимæ. Нефты бакуысты рæзт хъæуы фæрæвдздæр кæнын. Феххуыс кæнын хъæуы хъæдгуысткæнынадæн æмæ фæкъаддæр хъæуы фæсарæнтæм хъæддзаума æрвитын.

**8. Фæфылдæр хъæуы фыдыбæстаг продукцийы конкурентон хъомысад**

Куысты къабазы аивын хъæуы бафтауæггаг аргъы хъалон. Баивын æй хъæуы зилдухы хъалонæй. Быйндуронæй "бацалцæг" хъæуы æппæт хъалонты системæ. Æфтиæгты хъалонæй суæгъд кæнын хъæуы æвæрæз адæмы, фæфылдæр хъæуы олигархты хъалонтæ.

**9. Центрон банчы ахсджиагдæр нысаныл нымад æрцæуæд экономикон рæзтимæ æмгуыстад**

Фæтыхджындæр кæнын хъæуы Центрон банчы бæрнондзинад сомы аргъы æмæ национ валютæйы фидардзинады тыххæй. Хъæддыхæй архайын хъæуы сомæй пайда кæнынил фæсарæйнаг бæстæтимæ. Сног кæнын сæрмагонд паддзахадон банктæ промышленност, арæзтад, наукæ бæрцуатджын технологитæн æххуысæн. Æппæт паддзахадон банктæ дæр саразын бæстæйы социалон æмæ экономикон рæзты нысанмæ. Фæкъаддæр кæнын коммерцион банкты нымæц.

**10. Æнæфæсайдæй бахъахъхъæнын фæллойгæнджыты æгуыстдзинадæй**

Æвæстиатæй арæзт æрцæуæд абоны домæнтæн дзуаппдæттæг куысты бынæтты паддзахадон программæ. Уый хъуамæ хорз æххуыс кæна кусæн бынæттæ бахъахъхъæнынæн æмæ ногтæ байгом кæнынæн.

**11. Кæрон скæнын Уæрæсейæ æддæмæ капитал ласынæн**

Экономикæйы деофшоризацийæн зæрдæдарæн дæттын. Кæрон скæнын капиталы æддæмæ цыдæн æмæ бакусын фæстæмæ сæ раздахынил. Паддзахады егъау инвестициты æххуысæй ахизын экономикæйы реалон къабаз иудадзыг финансты цухæй уадзыны сæрты.

**12. Гуымиры рæдыдыл нымад æрцæуæд Дунеон базарадон организацимæ бацæуын**

Дунеон базарадон организацийæ рацæуын, уым уæвын Уæрæсейы æрлæмæгъ кодта Ныгуылæны бæстæты гуымиры санкцион политикæйы раз. Экспертизæ скæнын Уæрæсейы æппæт дывæрсыгон æмæ бирæвæрсыгон бадзырдтæн, æнæпайда æмæ дзы кæцытæ базæронд сты, уыдон аивын.

**13. Фыццаградон æргом — регионты райрæзтмæ æмæ æххуысæн**

Сæ экономикон гæнæнтæн саразын хъæуы арф паддзахадон хæдбар бæрæгкæнынад. Паддзахадон пъланкæнынады куысты уылты раздæхын æмæ сног кæнын хъæуы технологон фæндæттæ. Бæлвырд æркæсын хъæуы Уæрæсейы территорийы адæмты цардмæ. Æппæты стырдæр æргом аздахын хъæуы Дард Скæсæн æмæ цæгатаг регионты райрæзтмæ.

**14. Æппæт амалæй æххуыс хъæуы наукæйæн**

Раздахын хъæуы Наукæйы академийæн йæ экспериментaлон базæ æмæ йæ статус. Хъæддыхæй фæрæвдз кæнын хъæуы бакуыстытæ æмæ наукон-техникон æнтыстытæ царды рауадзын. 2023 азы кæронмæ æртæ хатты фæфылдæр хъæуы паддзахадон хæрдзтæ наукон-иртасæн æмæ фæлварæн-конструкторон куыстытæн.

**15. Фæллойгæнджыты социалон хъахъхъæды æмæ экономикæйы рæзты æппæты хуыздæргæнæг æмæ сбæлвырдгонд адæмон куыстуæттæн баххуыс кæнын**

Саразын уавæртæ сæ бирæвæрсыг гæнæнтæ рагом кæнынæн æмæ царды рауадзынæн. Фидарæй кæрон скæнын административон æмæ рейдерон хъомыс дардæн адæмон куыстуæтты коллективтыл æмæ сæ разамонджытыл.

**16. Æвæстиатæй аивын хъæуы пенсимæ рацæуыны кар**

Хицауад æмæ "Иугонд Уæрæсе"-йы ацы уынаффæйæн ницы быйндур ис. Æнæмæнг хъæуы раздæхын раздæры пенсион кармæ: 55 азы — сылгоймæгтæн, 60 азы — нæлгоймæгтæн. Медицинæйы фæдзæхстад хъæуы фæхуымæтæгдæр кæнын, сног кæнын хъæуы æнæниздзинад хъахъхъæнынады паддзахадон системæ.

**17. Дыууæ хатты фæфылдæр кæнын хъæуы фæллойы æппынкъаддæр мызд æмæ цæрынæн æппæты ныллæгдæр къæпхæн**

Уый фадат ратдзæн бæстæйы дарддæры мæлынæй бахизынæн. Ныридæгæн абон цæрынæн æппæты ныллæгдæр къæпхæн хъуамæ 25 мин сомæй къаддæр ма уа. Медицинон æмæ педагогон кусджытæн фæстæмæ здæхт æрцæуæд иугонд тарифон хыз. Ахуыргæнджытæ æмæ дохтыртæн сæ куысты мызд фидæнт федералон бюджетæй. Ныр æмæ мыггагмæ лыггонд æрцæуæд, ахуырадон организацитæн, цал адæймаджы сæм ахуыр кæны, уымæ гæсгæ фидыны хъуыддаг.

**18. Уæрæсейы граждæнтæн Донбасс æмæ Украинæйæ æнæбары æрбалидзæг адæмæн арæзт цæуæд бирæ социалон цæрæн бынæттæ**

Цæрæн бынаты бармæ каст цæуæд цæрыны бары гарантийы хуызы. Коммуналон хæдзарад æмæ цæрæн бынæтты арæзтады паддзахад рахизæд егъау инвестицитæм. Цæрæн хæдзæртты коммуналон хæдзарады лæггæдты тарифтæ æрцæуæд урæд, ивд æрцæуæнт капиталон цалцæджы æмæ иумæйаг цæрæнуæтты хъуагдзинæдты æхцайы æмбырдтытæ.

**19. Стыр Советон Цæдисы цæрæг адæмты культурæ æмæ уырыссаг æвзагæн æххуысы зæрдæдарæн дæттын**

Закъоны ныхмæ æвæрд цæуæнт русофоби æмæ антисоветондзинад пропагандæ кæнын. Скъолатæй ист æрцæуæнт соросаг ахуыргæнæн чингуытæ æмæ ЕГЭ-йы ахуырад. Уæлдай узæлд цæуæд музейтæ æмæ театртыл, нывкæнынады галерейтæ æмæ филармонитыл, архивтæ æмæ библиотекæтыл, культурæйы хæдзæрттæ æмæ сфæлдыстадон коллективтыл. Нæ фыдыбæстæйы æрдз æмæ хъæздыг историимæ фæсивæды цы мидтуризм зонгæ кæны, уымæн хъæуы баххуыс кæнын.

**20. Уæрæсе æмæ Белоруссийы Цæдис, стæй хæдбар паддзахæдты цæдистимæ бастдзинæдтæ фидар кæнын**

Хъуыддаджы архайдæй аразын экономикон æмæ культурон тыгъдад Донецкы Адæмон Республикæ æмæ Луганскы Адæмон Республикæимæ. Архайын æмгуыстад фидар кæнынил фондз паддзахады 'хсæн (Бразили, Уæрæсе, Инди, Китай æмæ Хуссарафрикæйаг республикæ) иугонд (БРИКС), Шанхайы æмгуыстады организаци (ШОС), коллективон æдасдзинады тыххæй Бадзырды организаци (ОДКБ)-йы цы бæстæтæ архайынц, уыдонимæ. Хъæддыхæй хъахъхъæнын, фæсарæнты нын цы æмбæстæгтæ ис, уыдоны. Афон у ныфсджынæй æцæг суверенон рæзты фæндагыл æрлæууынæн æмæ фæллойгæнæг адæймаджы паддзахады политикæйы бæрæг астæу сæвæрынæн.

Уæрæсейы Федерацийы Коммунистон партийы программон амынддзинæдтæ дæттынц бæлвырд нысантæ Уæрæсейы хуыздæр фидæнмæ цæуынæн, адæмы хицауад, нæ бæстæйы социалистон рацарæзты фæндагмæ рахизынæн.

*(Мыхуыргонд цæуы лæвар)*

Слестгæнæг комитетæй

## Тох — коррупцион фæзындтытимæ

**Коррупцион фæзындытæ кæм рабæрæг, ахæм æгъдаухæлдтытæ æмæ фыдракæндты фæдыл слестгæнæн мадзæлттæ аразыны рæстæг азымджынтæ паддзахад æмæ хъыгдардбаййафæг адæмæн цы финансон зиантæ ракодтой, уыдоны ныхмæ барвæндонæй бафыстой 195 милуан сомы бæрц.**

Ахæм бæрæггæнæнтæ фехъусын кодта Уæрæсейы Слестгæнæг комитеты РЦИ-Аланийы Слестгæнæг управленийы пресс-службæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы 6 мæймæ управленийы кусджытæ рабæрæг кодтой æмæ уголовон хъуыддæгтæ сарæзтой 102 коррупцион фæзынды тыххæй æрмæджыты бындурыл. Абоны онг уал уыдонæй тæрхондонмæ лæвæрд æрцыд 22 хъуыддаджы. Уыимæ, ныридæгæн тæрхондæттæ уголовон æгъдауæй бафхæрдтой 17 адæймаджы.

Управленийы специалистты ныхасмæ гæсгæ, коррупцион фыдракæндты 'хсæн фылдæр ис куысты æххæстбарты сæрты ахизын æмæ бюджетон фæрæзтæ адавыны фæлтæрæнтæ.

**Нæ уацхæссæг**

Энергетикæ

## Иумæйаг рейдтæ

**Фæлхасгонд электрон тыхы тыххæй æхца чи нæ фиды, компани "Севкавказэнерго"-йы кусджытæ Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы минæвæрттимæ иумæ æххæст кодтой ахæм адæмæй хæс бадомыны фæдыл рейдтæ.**

Рейдон бригæдтæ 10 физикон æмæ юридикон иуæджы бабæрæг кодтой. Рейдон мадзæлтты рæстæг Æрыдоны районы цæрæг нæлгоймагмæ хауæг хæдтулгæ ВАЗ-21074 ахстыл нымад æрцыд. Хардзгонд электрон тыхы аргъ фидинаг у, зæгъгæ, афтæ фыст кæм уыд, хинæйдзаг фæлхасгæнæгмæ цалдæр хатты ахæм фыстæджытæ барвыстой, фæлæ нæлгоймаг ацы фыстæджытæ ницæмæ æрдардта. Фæлхасгæнæг энергокомпанийæ кæй дардта, уыцы хæсы бæрц 69 мин соммæ схæццæ, æмæ афтæмæй хæсдарæгыл æххæстгæнинаг хъуыддаг сарæзтой. Рæхджы амынд хæс фыст кæд не 'рцæуа, уæд "Æххæстгæнинаг хъуыддæгты тыххæй" федералон закъонмæ гæсгæ, ахстыл нымад исбон хæс бафидынæн ауæй кæндзысты.

Хинæйдзаг фæлхасгæнæджы хæстæ цæмæй ма бамбырд уой, филиал "Севкавказэнерго" æппæт гæнæнтæй ууыл архайы. Ацы æуууæл, фыццаджыдæр, фæпайда уыдзæн фæлхасгæнджытæн сæхицæн: хъуыддаг Тæрхонадон быцæуныхас æмæ исбон æрцахсынмæ кæд бахæццæ, уæд æххæстгæнинаг хъуыддаг æххæст кæныны фæдыл хæрдзтæ бафиддзæн хæсдарæг (мæнгард фæлхасгæнæг хъуамæ бафида канд хардзгонд электрон тыхы тыххæй сæвзæрæг хæс нæ, фæлæ тæрхонадон пъырыстыфты æххæстгæнинаг фиддон æмæ транспортон фæрæзæн аргъкæнынады фæдыл экспертизæйы аргъ дæр, зæгъгæ, амынд æуууæл афтæ амоны).

**Компани "Севкавказэнерго"-йы пресс-службæ**

Президенты Указæй

## Нысангонд æрцыд кадджын ном "Мад-хъæбатыр"

**Уæрæсейы Президент Владимир Путин 2022 азы 15 августы цы Указ бафыста, уымæй нысангонд æрцыд кадджын ном "Мад-хъæбатыр".**



Уынаффæ мыхуыргонд æрцыд барадон информацийы официалон интернет-порталы.

Указы куыд загъд ис, афтæмæй, дæс æмæ уымæй фылдæр сывæллоны чи ныййардта æмæ схъомыл кодта (уыимæ, се 'ппæт дæр хъуамæ уой Уæрæсейы Федерацийы граждæнтæ), уымæн лæвæрд цæудзæн кадджын ном "Мад-хъæбатыр". Уымæй уæлдай, ахæм кадджын ном кæмæн саккаг кæной, уыцы мадæн иухаттон финансон æххуысы хуызы лæвæрд цæудзæн 1 милуан сомы.

**("РИА Новости")**

Хъуыддаджы ныхас

## Быйндурон цалцæг — скъолаты

**Скъолаты быйндурон цалцæгæн паддзахадон бадзырдтæ бафыссæг араздж ытимæ ногæй фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Ныхас бацахста республикæйы арæзтадон фæзты уавæр. Нырмæ куыстытæ цæуынц 44 объектыл — сты ахуырады кусæндæттæ. Сæ иуты цалцæг хъуамæ ацы аз ахицæн уа, иннæты та бадзырдмæ гæсгæ кусдзысты удæнцойдзинад æмæ фадæттæ. Кæм ис гæнæн, уым рæвдздæр бавналут, цæмæй сывæллæттæ сæхи скъолатæм 1 сентябры бацæуой", — загъта Сæргълæууæг.

Нысантæн дыууæ азы кæм радтой, уыцы 25 цæудзысты, уыдон. Кæм хъæуы, уым сæ автобустыл ласдзысты. Æдæппæтæй Цæгат Ирыстоны хъуамæ сцалцæг кæной 66 скъолайы, 3 сæм уæлæмхасæн хуызы бахастой. Уыдæттæн федералон бюджет дæтты 3 миллиард æмæ 729 милуан сомы.

Куыстытæ цæуынц паддзахадон программæ "Ахуырады рæзт"-мæ гæсгæ. Æрмæст быйндурон



ты дыууæ азы дæргъы. Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константины** ныхасмæ гæсгæ, аст скъолайы куыстытæ фæуыдзысты 2022 азы 1 сентябрмæ, 19 скъолайы та бадзырдмæ гæсгæ — октябры.

Республикæйы разамонæг разы нæ уыд уавæрæй, аразæг компаниты хицæуттты раз сæвæрдта рæвдздæр хъуыддæгтæм æвналыны хæс. Гæнæн кæм ис, уым хъуамæ арæзтад тагъддæр цæуа, цæмæй скъоладзаутæ рæстæгмæ уыйас бирæ ма уой æцæгæлон скъолаты. "Кæд уæхимæ хæстæ райстат, уæд сæ æххæст дæр кæнут. Хъуыддаг куыд бантысдзæн, уымæн йæ 90 проценты сты куыст саразынимæ баст. Кæд сымахæн уый амалхъомад у, уæд махæн та сывæллæттыскъолайæ 9-ты фыццаградон хъуыддæгтæ конд æрцыдысты, æххæстæй сæ срæвдз кæндзысты 2023 азы октябрмæ. Министры ныхасмæ гæсгæ, сæ рагон къултæ сын ракалдтой, сæ фылдæр хайы сын сæ сæртæ раивтой, рудзгуыты блоктæ сæвæрдтой, рагон электрон телтæй, мидæггаг доны æмæ канализацийы хызтæй бæстыхæйттæ суæгъд кодтой. Мидæггаг фæлгонцгæнæн куыстытæн сæ 75 проценты конд сты, иннæ хъуыддæгтæ дæр æххæст кæнынц.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, цалцæджы, арæзтады куыстытæ нымайгæйæ, сæ бон у ахуырадон хъуыддаг саразын. Сбæлвырд кодтой, рæстæгмæ сывæллæттæ кæцы скъолатæм цалцæгыл нæ цæуы ныхас, фæлæ хъуамæ скъолаты фæзыной ног ифтонггæрзтæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæ дæр. Хæринаггæнæнтæ дæр ноггонд æрцæуыдзысты. Уæдæ æдасдзинады фарстатæм дæр уæлдай æргом аздахдзысты.

Политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы съезды, бæстæйы Президент **Владимир Путин** бафæдзæхста, скъолаты быйндурон цалцæджы программæ саразын. Конд æрцыд 5 азмæ, бахастой йæ партийы адæмон программæмæ. Хъуамæ быйндурон цæлцæгæй уæлдай скъолатæ сифтонг кæной хъæугæ дзаумайæ, чингуытæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Медицинæ

## Суинаг донортæ

**Цæгатирыстойнаг фонд "Быть добру"-йы разамонæг æмæ йæ быйндурæвæрæг Хъуысаты Амырханы ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы цæрæг дыууæ мин адæймагæй рауад астæуыстæджы магъзы суинаг донортæ, адонæй цыппар адæймаджы та систы æцæг донортæ.**



— Цыппар азæй фылдæры дæргъы алы мæйы фæстаг фæлладуадзæн бонты æххæст кæнæм донорты бæрæггæнæнтæ æмбырд кæныны фæдыл акци. Генотипмæ гæсгæ, доноры ссарыны фæрцы адæймаджы сдзæбæх кæныны фадат кæй вæййы, уый нымайгæйæ, акцийæн ис стыр ахадындзинад. Адæм нæ арæзт акцийы зæрдиагæй цæмæй архайой, уый мæ фæнды, — загъта Хъуысаты Амырхан.

Хъуысайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, акцийы архайæг донорты æртыццаг хай сæхæдæг сæмбæлдысты амынд лыггæнинаг фарстайыл.

— Ацы темæйыл Цæгат Кавказы федералон зылды æндæр регионты дохтыртимæ рæстæгæй-рæстæгмæ ныхас кæнæм, астæуыстæджы магъзы донорты фыццаг акци ацыд махмæ, Ирыстоны. Ацы темæйыл дарддæр кусæм, — загъта Хъуысайы-фырт.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ арфхъуыдыджын æгъдæуттæ

# Газеткæсджытæ фæрсынц

**Æз дæр цы зонын, уый хистæрты æмæ чингуыты фæрсгæйæ. Æмæ мæ чи цæмæй бафæрсы, уыдонæн дзуапп уыдоны фæрцы радтын. Ныр дæр та уæ фарстытæн мæ дзуаппытæ сты, уыдонæй цы базыдтон, ахæмтæ.**

? ***Арæх телеуыынынадæй, стæй нывты дæр хистæры æртæ кæрдзынæй кувгæ фенæм, йæ уæлæ худ, афтæмæй. Уый рæдыд ми нæу?***

*✍ — Кæй зæгъын æй хъæуы, уый рæдыд ми у. Нæлгоймагæн йæ худ æнæмæнг исгæ у кувæндоны бын æмæ кæмфæнды дæр æртæ уæливыхæй кувгæйæ. Уымæй — æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ йæ омменгæнджытæн дæр, æмæ хъуамæ иууылдæр кæной лæугæ. Фынгмæ æввахс цы сылгоймæгтæ фæлæууынц, уыдонæн та сæ къухты армытъæпæнтæ уæлæмæ здæхтæй вæййынц кæрæдзийы уæлæ, рахиз къух уæле æвæрдæй. Цины фынгыл нæлгоймæгтæ иууылдæр фæбадынц худаистæй. Худы бадын ирон æгъдау халы.*

*Фынгыл худы бадын та ирон æгъдауы ис марды фæдыл хæрнæг, хистытæ æмæ фынджыдзæгты. Уым та гомсæр уæвын худинаг у. Уæлдайдæр — хистæртæн.*



? ***Чъиритæ фыцгæйæ сæ фæлдахын цæуылнæ фæтчы?***

*✍ Ирон адæммæ цины æмæ зианы æгъдæуттæ кæрæдзийæ цæхгæр хицæн кæнынц. Чъиритæуæливыхтæ æфсинтæ цины фынгмæ куы фæфыцынц, уæд сæ сойфыхтау рафæлдах-бафæлдах нæ фæтчы, цæмæй царды фæтк, амонд, фарн лæгъзæй, æнæкъуырцдзæвæнæй, æнæферхæцгæ, æнæкъуылымпыйæ, æнæфæфæлдæхгæйæ цæуой размæ. Хистæртæн уымæ уыдзысты сæ сæйрагдæр куывдтытæ, уыдоны курдзысты Стыр Хуыцауæй, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæй.*

*Фæлдахгæйæ фыцгæ сты хæрнæджы, хисты фынгмæ, фынджыдзагмæ цы уæливыхтæ скæнынц, уыдон. Уыцы марды æгъдау баст у мардимæ, йæ амонд кæй рафæлдæхт, дуне йыл кæй баталынг, цардæй кæй ахицæн, уыцы уавæримæ. Уый æвдисынц фынджы дыууæ чъирийы, дыууæ хистæры æмæ, цы рæгъытæ фæкæнынц, уыдон дæр.*

? ***Æртæ æртæдзыхоны цы амонынц?***

*✍ Ирон адæмæй бæлвырд ничи зæгъдзæн, дзуары бынмæ æртæдзыхонтæ цæмæн хæссынц, стæй æртæдзыхон цы амоны, уый. Нымæц "æртæйæн" динон нысаниуæг кæй ис, уый зындгонд у. Æмæ æрмæст ирон адæммæ нæ, фæлæ бирæ адæмтæм. "Бог троицу любит", — арæх фæзæгъынц уырыс. Уæдæ чырыстон дин дæр æртæйыл — Хуыцау-фыд, Хуыцауы фырт æмæ Сыгъдæг Удыл — кæй æнцой кæны, уый дæр бæлвырд у. Троица иронау та хонынц Æртæ иуоны. Æртæ диссаджы нымæц у ироны цардæй. Йæ фынг дæр æртæкъахыг у. Æртæ кæрдзыны. Æртæ нуазæны. Æртæ фынджы. Æртæ Нарты. Хуыцау дæр Батрадзыл æртæ цæссыджы æрæппæрста. Нарты сыгъзæрин фæткъуы давынмæ дæр æртæ æхсинæджы тахтысты. Æртæ мыдадзын цырагъы. Æртæдзыхон. Æртæ æртæдзыхоны.*

*Цы амонынц æртæ æртæдзыхоны? Æртæ чъирийæ, стæй дыууæ чъирийæ дæр Хуыцауы ном арæм. Фæлæ уæ искуы исчи фехъуыста, фынгыл федта дыууæ æртæдзыхоны.*



*Дзыхы бадгæ дæр нæ кæны. Чъири хурæнгæс кæй у, хурыл æй кæй барæм, уый бæлвырд у. Æртæдзыхон та? Геометрион æмиасфæрсджын æртæкъуымоны хуызæн. Ахæм дыууæ æртæкъуымонæй конд у дзуттæгты æхсæзтигъон стъалы. Æхсæзтигъон. Æхсæз у къайон нымæц. Къайон нымæц та ирон адæммæ кадджын нæу. Дыууæ сæм баст у мæрдтимæ. Рухсаггаг æй хонынц. Дыууæ чъирийы, дыууæ мыдадзын цырагъы, дыууæ дидинæджы... — марды ном арынæн. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: иу — æлгъыст, дыууæ — фæлдыст, æртæ — æнтыст.*

*Гъе уымæ гæсгæ æртæдзыхонтæ дæр сты æртæ. Фынгыл сæ кувгæ-кувын кæрæдзийæ нæ хицæн кæнæм, фæлæ сæ æрзилæм, сæ æппæт тигътæ дæр куыд разыной, афтæ. Æмæ нæ цæстыты раз саразынц фарасттигъон стъалы. Кæд, мыййаг, уый нæ фыдæлты стъалы у, æмæ уый æвдисæг фæрæз сты æртæ æртæдзыхоны. Йæ тигътыл æй лыг кæнын дæр уымæн нæ фæтчы. Æртæ æртæдзыхонæй рауайы рæсугъд стъалы, уæларвон стъалыйы æнгæс. Сæрджын саджы дæр нæ адæмон сфæлдыстады æстдæссион хонынц. Иуæрдыгæй йыл ис фараст сыкъайы æмæ — иннæрдыгæй дæр. Фарасттигъон стъалытæ ис Тибеты кувæндæттыл дæр.*

? ***— Нæ фынджы сæр, дам, æртæ уæливых-хæбизджыны дæле сæр, бæрзæй æмæ уæн нæ фыдæлтæ не 'вæрдтой, ныр та чидæртæ ахæм хъуыды атауыс кодтой. Уый раст у?***

*✍ — Сæр, бæрзæй æмæ уæн фынгыл æвæрыны æгъдау нæм æрхæццæ нæ рагфыдæлтæй. Зындгонд францаг ахуыргонд Дюмезилы хъуыдымæ гæсгæ та — скифтæй. Нарты кадджытæ куы рафæлдахæм, уæд уым дæр ис сæр, бæрзæй, уæн æмæ ма базыджы кой дæр. Кадæг "Уырызмæджы æнæном лæппу"-йы Уырызмæг Донбеттыртæм куы ныфты, уæд ын кусарт кæнын кæнынц йæхицæн, нæлгоймаг дзы кæй нæ уыд, уый тыххæй. "Æмæ йын уадидæгæн бæркадджын фынг авæрдтой йæ разы... Уырызмæг, Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы. Куывд куы фæци, уæд дзуры лæппумæ: "Лæппу, рауай, ацаход, мæ хур!" Ам æвдыст цæуы, нæ фыдæлтæм дæр фынджы фыццаг хистæр базыгæй кæй куывта. Ныр йæ къухмæ физонæг чи райсы, уыцы хистæр æгъдау раст нæ кæны, рæдийы æмæ йыл уæддæр нæ сæтты.*

*Сæры тыххæй та ацы кадæджы загъд ис. Уырызмæджы æнæном лæппу Терк-Турчы рæгъау хъахъхъæнджыты æфсæндзых хъæрццыгъа æмæ æфсæндзых бирæгъы куы амары, уæд, Терк-Турчы дзыллæ куывды кæм бадтысты, уым балæууыд æмæ: "Фынгтыл рахаста йæ цæст. Систа æфсæндзых хъæрццыгъайы сæр æмæ æфсæндзых бирæгъы хъус. Сæр хистæрты фынгмæ баппæрста, хъус — кæстæрты размæ æмæ загъта:*

*— Хистæртæ, сæр хъуаг уыдыстут, æмæ уын мæнæ уый сæр, сымахæн та, кæстæртæ, мæнæ хъус, æгъдау куыд амоны, уымæ гæсгæ".*

*Ацы хабар нын амоны, сæры æгъдау ирон адæммæ тынг рагæй кæй ис, уый. Иннæ адæмтæм та нæ уыд. Уый бæрæг у Терк-Турчы адæмы фынгæвæрдæй, æмæ сын æй уайдзæфы хуызы зæгъы Уырызмæджы æнæном лæппу.*

*В. Миллер Ирыстонмæ ссыд æхсæз хатты. Фыццаг хатт 1880 азы æмæ уæд кусын райдыдта йæ "Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат"-ыл. Ирон æвзаг базонынмæ ахæм зæрдæргъæвд разынд, æмæ йæ йæ дыккаг цыды тæлмацгæнæг нал хъуыд. Йæ дзырдуаты 25 мин дзырды куы бамбырд, уæд уый фæдыл 1883 азы фыста газет "Терек"-ы редактормæ. Дзырдуаты сæр æмæ бæрзæйы тыххæй афтæ фыст ис: "По существующему обычаю голова и шея жертвенного животного полагаются старшим, ухо — младшим".*

*1912 азы та газет "Терские ведомости"-йы фæндзæм номыры К-Н Æрыдоны зылдты кæцыдæр хъæуæй фыссы: "На наш фынг, прежде всего положили три пирога с сыром, имевших форму плоских лепешек (чирита или хабизджын). В середину треугольника, образовавшегося этими лепешками, положили отварную баранью голову, как почетное блюдо для старших, а по краям головы были расположены куски вареной баранины, взятые от лучших частей жертвы". Æвæццæгæн, бæрзæй æмæ уæн. "Ирон этнографион энциклопеди"-йы уæны тыххæй фыст ис: "Ее ставили справа от головы, ближе к первому старшому, олицетворявшему касту жрецов в Нартском обществе".*

*Сæр, бæрзæй æмæ уæн нæ цины фынгыл кæй æвæрæм, уымæ нæ сыхаг адæмтæ цы цæстæй кæсынц, уый тыххæй нæ Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Ходы Камал Кæсæгæй ахæм хабар æрбахаста, уымы фысджытимæ сæ иу фембæлды, дам, нæ мадæлон æвзæгты хъысмæтыл ныхас куы рацыд, уæд, дам, мын сæ Фысджыты цæдисы сæрдар афтæ куы зæгъид: "Цалынмæ сымах уæ фынгыл сæр æмæ бæрзæй æвæрат, уæдмæ ирон æвзагæн фесæфынæй тæссаг нæу!" Хуыздæр ма куыд зæгъæн ис нæ ирон арфхъуыдыджын æгъдæутты тых æмæ хъомысы, сæ нысан æмæ ахадындзинады тыххæй. Уæдæ ма сæ афтæ дæр фæзæгъынц: "Фыццаг — сæры зонды кад у, дыккаг — бæрзæйы — тыхы кад, æртыккаг — уæны — æхсары кад!"*

*Фынгыл сæр цæмæн хъæуы, уырдыгыстæг, кæрдзынгæнджытæ, æппынфæстаг дзы хистæр цæмæн хъæуы чи дзуры, æмæ ууыл чи архайы, уыдон фæстагмæ æрцæуыдзысты ахæм хатдзæгмæ дæр: "Цæмæн мæ хъæуы ирон æвзаг? Æндæр æвзагимæ дæр мæ гуыбын æфсæст куы у, уæд".*



**"Донбеттырты куывд". Тугъанты Махарбеджы конд ныв**

***ЦГЪОЙТЫ Хазби***

## ÆМБИСÆНДТÆ

*Дыргъты æрзад дидинæгæй куы уаид, уæд дзы акъаци бæласæн æмбал нæ уаид.*

✲✲✲

***Рæгъау фæстæмæ куы раздахынц, уæд къуылыхтæ фæразæй вæййынц.***

✲✲✲

*Æгъдау у мад, æфсарм — йæ саби.*

✲✲✲

***Царды мæсыг амад у æгъдау, уаг æмæ æфсармы фидар дуртæй. Уыдонæй, зæгъгæ, иу фæхъуыди, уæд дæ балгъитæг дæр афтæ — мæсыг ныххæррætт ласта!..***

✲✲✲

*Искæй артæй хъарм нæ уыдзынæ, дæхи къона хъарм куы нæ уа, уæд.*

✲✲✲

***Домбай къалатийы дæр домбай у.***

✲✲✲

*Уæззау дур рог ныхæстæй нæ сисдзынæ.*

✲✲✲

***Хистæртимæ йæ сæры фахс фæхъæуы, кæстæртимæ — сгуы.***

✲✲✲

*Уæззау хъуыдытимæ рог къахдзæфтæй цæуæн нæй.*

✲✲✲

***Мæгуыр лæгæн йæ даргъ бæндæн дæр синаджы скъуыддзаг рахонынц.***

✲✲✲

*Æнæнхъæлæджы дæ хъул сах куы абада, уæд дæ сæр ма фесхъæл кæн. Хъул цыг дæр абады.*

✲✲✲

***Мæгуыр лæг иу æхсæв фыны дзыкка федта æмæ йæм уидыг нæ уыди. Иннæ 'хсæв æд уидыг бæргæ бафынæй, фæлæ дзыкка нал федта.***

✲✲✲

*Хуымгæнæгæн зæхх йæ мад у, магусайæн та — йæ фыды ус.*

✲✲✲

***Фæлмæн, рæвдаугæ дзырд ихы бын дæр нæ сæлы.***

✲✲✲

*Хъæздыг йæ уды згæтæ æхцайы сойæ сæрды.*

✲✲✲

***Хуымтæ бæхтæ ныссæстой, нæмгæ та хæрæджы фæкодтой.***

✲✲✲

*Рæсугъд цы бæх фæсиры, уый арæх дугъы фæсте дæр аззайы.*

✲✲✲

***Ногуард митыл тæрхъус дæр ныуудзы йæхи фæд.***

✲✲✲

*Æппæтæй хуыздæр æмæ рæсугъддæр фæкафы уый, амонд кæмæн фемдзæгъд кæны.*

***Æрæмбырд сæ кодта ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат***

## Худæджы ныхæстæ

✲✲✲

***Зæронд усы æрдæгмардæй æрбаластой рынчындонмæ. Йæ ахсæн ын хорз ныхсадтой, капельницæ йын сæвæрдтой. Фæстæдæр æм дохтыр æрбацыд æмæ йæ фæрсы:***

***— Æрæджы дæр ма дæ куы 'рбаластой, маргджын зокъотæ кæй бахордтай, уый тыххæй. Ацы хатт та цы кодтай?***

***— Цы кодтон куы зæгъай, уæд, раздæр кæмæй фæрынчын дæн, уыцы зокъотæ мын уæд хæрд нæ фесты.***

✲✲✲

***— Дохтыр, ацæгдæр, хуыздæр уынын райдайдзынæн, уырыдзы фылдæр куы хæрон, уæд?***

***— Ай-гъай дæр! Тæрхъусыл искуы федтай кæсæнцæстытæ?***

✲✲✲

***— Цæй æмæ сырддонæй ахъазæм, — лæппу загъта йæ хойæн.***

***— Цæй, фæлæ куыд?***

***— Æз уыдзынæн маймули, ды та мын æхсæртæ æмæ банантæ дæтдзынæ.***

Дунеон конкурс

# Раззагдæрты 'хсæн

**Сывæллæтты инженерон командæты 'хсæн дунеон конкурс "TechnoCom"-ы архайджытæ, 9-18 аздзыд сывæллæттæ, фондз хуызы ерысты балæууыдысты. Медицинæйæ райдай æмæ космосон технологитæй фæуы.**

"Кванториум-15"-ы командæ архайдта "Цард дарддæр кæнгæйæ"-йы рахацæны, равдыста боныгон фынæй кæныны капсулæйы проект. Командæйы уæнгтæ уыдысты **Екатеринæ Афанасьева, Александрæ Захарова** æмæ дæллагновгородаг ахуырдзау **Татьянæ Шинкаренко**. Сæ зондамонджытæ уыдысты "Кванториум"-ы ахуыргæнджытæ **Иринæ Афанасьева** æмæ **Аннæ Демиденко.**







Боныгон фынæй кæныны капсулæ у цыбыр рæстæг бафынæй кæныны фæрæз, уый фæрцы сраст кæнæн ис фынæй кæныны фæтк, депресситæ æмæ психологон зындзинæдтæ аиуварс кæнæн. Сæвæрæн сæ ис рынчындæтты, офисты, ахуыргæнæндæтты. Проекты тыххæй бæстон радзырдта Екатеринæ Афанасьева.

"Нæ проектæн йæ хуыз нырттæккæ къаддæргонд æрцыд. Капсулæ хъæуы офисты, æдасфадатджын фынæйæн дзы алцыдæр ис. Буар куыд хъуамæ æвæрд цæуа, уæлдæфы уымæлад æмæ температурæ хъуамæ цавæр уой, уыдæттæ. Ис дзы сахат хъæлгæнæн сигналимæ. Стыр горæтты чи цæры, уыцы адæмæн пайда уыдзæн. Махæн нæ зæрдæмæ цæуы, æхсызгонæй йыл куыстам. Дарддæр цæмæй рæза, ууыл бацархайдзыстæм. Куыстæн йæ иу хайыл тынг тагъд бацархайдтам, бузныг командæйæн æмæ зондамонджытæн", — фæбæрæг кодта Екатеринæ Афанасьева.

Сентябры командæтæм æнхъæлмæ кæсы се сконд ифтонггæрзтыл бакусыны кæронбæттæн хæс. Уымæ гæсгæ сбæрæг уыдзысты конкурс "TechnoCom"-ы уæлахиздзаутæ. Йе скæнæг Рухсады министрады æххуысæй у Уæлæмхасæн ахуырады федералон центр. Фæсивæдмæ раиртасæн вæййы наукон-техникон æууæлтæ, раззагдæр арæхстдзинæдтæ.

**ГÆЛÆУТЫ Наталья**

Аивад

# Спектакл бацæттæ кæндзысты

**Джелыты Хъазыбег кæй режиссер уыдзæн, Цæгат Ирыстоны Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театр аивадуарзджытæн равдисынмæ хъавы ахæм спектакл "Иван Васильевич меняет профессию".**

Ныридæгæн актертæ репетицитæ кæнынц, — загъта Владимир Уваров.

Аивадон разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, райдайæны чысыл сценæйæн кæй цæттæ кодтой, аивадуарзджытæн уыдзæн



Ацы хабар фехъусын кодта театры аивадон разамонæг **Владимир Уваров**.

— Джелыты Хъазыбег мын мидисджын куыст баххæст кæныны фæндон бахаста. Хъазыбегыл баууæндыдтæн. Мæнмæ гæсгæ, аивадуарзджытæ спектакл фенынмæ æхсызгонæй æрбацæуыдзысты. Ацы азы программæмæ хæрх уацмыстæ кæй бахастам, уый нымайгæйæ, спектакл иннæ азмæ аргъæвтам. Театры сценæйыл ахæм спектакл "Дом Бернарды Альбы"-мæ бакæсыны фадат дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Алфамбылай æрдз

# Фæдзæхст бынатыл сахуыр уыдзысты

**Æрæджы цæгатирыстойнаг Тырмоны фæдзæхст бынатмæ цæрынмæ кæй рауагътой, уыцы фыранктæ амынд бынаты фæзуатыл ахуыр кæнынц.**

Нæ республикæйы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, тугдзыхтæ иу холлагджын бынаты арвитынц рæстæмбис нымадæй дыууæ суткæйы.

Фыранкты кæм рауагътой, ацы тугдзыхтæ ныронг цæрынц уыцы бынаты. Лео æмæ Лаурæ иунæг хатт æрбаввахс сты национ парк "Алани"-йы арæнтæм, фæлæ, къæдзæхджын хохы сæрты нæ ахизгæйæ, фæстæмæ Тырмонмæ æрбаздæхтысты, Хостæ æмæ Лео та ахуыр кæнынц хъæды быдырон кæрæттыл.



Уæвæн ис, æмæ сырдтæ хъæутæм, кæнæ фæндæгтæм кæцæй рацæудзысты, ахæм бынæттæй сæ фæтæрсын кæнынæн оперативон къордты рацыдæн фадæттæ сарæзтæуыд.

Лаурæйы федтой дæлвæзон цæугæдæтты былгæрæтты, стæй быдырон æмæ хæххон хъæды. Ацы сыл-фыранк иннæтæй раздæр самал кодта сæгуыт. Лаурæ цуан кæны денджызы æмвæзадæй 1250 метры уæлдæр ран. Хостæ æмæ Леоимæ абаргæйæ, Лаурæ фæсвæд, адæймагæй дардгомау æрбынæттон уæвæг рæтты æрвиты фылдæр рæстæг.

**Фиппаинаг:** Леойы цыдмæ цæст даргæйæ, нырттæккæ Хостæ йæ балцы фæндæгтæ равзары.

**Нæ уацхæссæг**

Спортивон фидиуæг



# Физкультурничы бон — Дзæуджыхъæуы

**Алы аз дæр августы дыккаг сабаты Уæрæсейы алы рæтты фæбæрæг кæнынц Физкультурничы бон.**




Алы азы хуызæн ацы сабаты дæр Ирыстоны бæрæгбон ацыд хъæлдзæг уавæры.

Физкультурничы бон Дзæуджыхъæу æмæ нæ иннæ районты арæзт æрцыдысты ерыстæ спорты къорд хуызæй. Уымæй уæлдай ма арæзт цыдысты нæ зындгонд спортсментимæ мастер-къластæ, гимнастикæйы уроктæ æмæ фембæлдтытæ.

Дзæуджыхъæуы Физкультурничы боны номыл ерыстæ цыдысты Терчы был, Хъесаты Колкайы номыл уынджы спортивон комплекс æмæ Хъуылаты Базийы номыл спортивон галуан "Манеж"-ы.

Бæрæгбон гом кæнгæйæ, йæ архайджытæн нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** номæй зæрдиаг арфæ ракодта РЦИ-Аланыстоны физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан**: "Зæрдиаг арфæ кæнын, абон ардæм чи æрбацыд, уыцы спортсментæ, тренертæ, физкультурæйы ахуыргæнджытæ æмæ инструктортæн. Нæ арфæтæ æппæт спортуарзджытæ æмæ йе 'нæниздзинад хъахъхъæнджытæн. Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниз æмæ цардхъомыс уæвын, уæ царды хъæлдзæг æмæ амондджын хабæрттæ фылдæрæй-фылдæр куыд кæной".

Хъоцыты Сослан РЦИ-Аланыстоны Сæргълæууæджы Кады грамотætæ æмæ Арфæйы фыстæджытæй схорзæхджын кодта, нæ республикæйы спортивон æмæ физикон культурæйы къабæзты бирæ азты дæргъы зæрдиагæй чи лæггад кæны, ахæм кусджыты стыр къорды.






Физкультурничы бон арæзт æрцыдысты ерыстæ: уынджы баскетболæй (стритбол), бадминтонæй, волейболæй, "хъæлдзæг згъорынæй", рог атлетикæйæ.

Уымæй уæлдай ма спортивон галуан "Манеж"-ы лæвæрд цыдысты Æппæтуæрæсеон физкультурон-спортивон комплекс "ГТО"-йы нормæйы домæнтæ.

Ерысты фæуæлахизуæвджыты сæ аразджытæ (РЦИ-Аланыстоны Физикон культурæ æмæ спорты министрад) схорзæхджын кодтой кубоктæ, майдантæ æмæ сæрмагонд лæвæрттæй.

**Нæ уацхæссæг**

Фæндагон фæтк

## Фыдбылызæй сывæллоны бахизынæн

**Электросамокаттæ, гироскутертæ, сигвейтæ, моноцæлхытæ æмæ æндæр фæрæзтæй чи пайда кæны, сæрды сæмбæлæн ис фæндагыл цыды ахæм архайджытыл.**

Автоинспекцийы кусджытæ уын фæдзæхсынц: цыды амынд фæрæзтæй пайда кæнынæн æппæтæй хуыздæр бæззынц æхгæд кæртытæ, парктæ, скверты æмæ сæрмагонд фæзтæ.

Автотранспорт кæуыл цæуы, фæндаджы ахæм хаймæ, стæй фæрæзтæй иуыл дыууæ адæймагæй цæуын не 'мбæлы.

Фæндаджы сæрты цæуын æмбæлы фистæгæй, уæлдæр амынд транспортон фæрæз дæ цуры ласгæйæ, кæнæ та йæ къухтæй хæсгæйæ.

Фæндагыл цыды рæстæг телефонæй пайда кæнын тæссаг у. Телефонæй пайда кæнынæн адæймаг хъуамæ æрлæууа æмæ афтæмæй сигналæн дзуапп радта.

Хъусдарæнтимæ цыд фыдбылыз расайы. Уæвæн ис, æмæ адæймаг алыварс зæлтæ æмæ тæссагдзинады сигналтæ нæ фехъусдзæн.

Бирæ адæм кæм æрæмбырд вæййынц, уæлдæр амынд транспортон фæрæзтæй ахæм рæтты цæуын не 'мбæлы, уымæн æмæ амынд транспортон фæрæзскъæрæг адæймаг йæхи сцæвдзæн фистæг бæлццæттыл.

Уарыны рæстæг амынд транспортон фæрæзтæй цæуын не 'мбæлы, уымæн æмæ уарыны заман фæндаг бырынцъаг æмæ тæссаг вæййы.

Автоинспектортæ ныййарджытæн фæдзæхсынц: амынд транспортон фæрæзтæй цæуынмæ уæ сывæллоны арвитыны размæ йын фæндагыл цыды фæтк, стæй, уæвæн кæмæн ис, ахæм тæссагдзинæдты тыххæй хабæрттæ бамбарын кæнут. Сывæллоны сифтонг кæнут рухс фæстæмæздахæг хæйттимæ хъахъхъæнæг уæлæдарæсæй (ацы уæлæдарæсы фæрцы æрхауды рæстæг уæззау цæф фæуæвыны тæссагдзинад фæкъаддæр уыдзæн).

Электросамокаттæ æнахъомтæн дæтгæйæ, ныййарджытæ сын сæ цард тæссаг уавæры кæй æвæрынц, уый уæ рох ма уæд.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады фæндагыл ædасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы управленийы пресс-службæ**

Радон номыр

## Зæрдæмæ рухс æнкъарæнтæ хæссæг æрмæджытæ

**Мыхуыры рацыд журнал "Ирæф"-ы 3-æм номыр. Куыд алы хатт, афтæ ныр дæр дзы бакæсæн ис зондæн пайда, зæрдæйæн та, æхцондзинад чи хæссы, ахæм мидисджын æрмæджытæ.**

Йе сфæлдыстадон фæндаджы райдайæн журналы фыццаг сæйраг редактор Малиты Васо хæрзвæндарасты ныхас цæстуарзонæй кæмæн загъта, уыцы курдиатджын поэт Габеты Юрийы поэзийæ райдайы ацы номыр дæр. Ныр та йе сфæлдыстадыл бæстондæр æрныхас кодта журналы ныры сæйраг редактор Скъодтаты Эльбрус. Ацы номыры йын кæсут йæ уац "О уарзт, дæу равзурста мæ цæстæ!" æмæ Габеты Юрийы æмдзæвгæтæ. Ис дзы йæхи æмæ йæ бинонты хуызистытæ.

"Кæсунцæ нæмæ æностæ бæрзондæй", афтæ хуыйны зындгонд журналист æмæ публицист, газет "Дигорæ"-йы сæйраг редактор Сакъиты Эльбрусы эссе. Йæ хъуыдытæ дзы зæгъы дугтæ æмæ царды алы хуызы ивдзинæдты тыххæй.

Йæ ног æмдзæвгæтæ журналкæсджыты размæ хæссы УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, поэт Къибирты Амырхан.

Радзырд "Скъæфджытæ" кæсгæйæ та нæ цæстытыл ирдæй ауайы, дуджы цауты аххосæй бирæ мæстытæ чи баййæфта, ахæм бинонты хъысмæт. Йæ автор — Дзабайты Фузæ.




Рубрикæ "Ног нæмттæ"-йы кæсут Галачиты Элены æмдзæвгæтæ.

Ацы аз сæ юбилейон бæрæгбонтæ сты зындгонд поэт æмæ ахуыргæнæг Тедцойты Таймураз, газет "Рæстдзинад"-ы æнувыд зиууон, зындгонд фыссæг æмæ журналист Черчесты Хъасболат æмæ УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг Хохойты Фидарæн. Номыры сты се 'мдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ.

Рубрикæ "Аланыстоны Саргъуыды 1100 азы бонмæ"-йы кæсут ахуыргонд Гоститы Ларисæйы уац Алæджыхъоты Аксойы тыххæй.

Нæ республикæйы аивдæр горæттæй иу — Дигорайыл æхххæст кæны 170 азы. Уыцы бæрæгбонмæ номыры ис рухстауæг æмæ æхсæнадон архайæг Гарданты Михалы уац "Киристон гъæуи царди хабæрттæй".

Дарддæр журнал мыхуыр кæны Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ЮНЕСКО-йы кафедрæйы ахуыргæнæг Дзытиаты Ларисæйы чиныг "Алфамбылай æрдз"-æй æрмæджытæ.

**АНВАРАТЫ Валери**

Арæзтад

## Цалцæггæнæн æмæ аивгæнæн куыстытæ

**Дзæуджыхъæуы Центрон парчы сæйрагдæр цалцæггæнæн куыстытæ фæуыдзысты сентябры.**



Уый тыххæй горæты хицауады æмбырды фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Дзоблаты Зураб**. Куыд фæнысан кодта, афтæмæй 15 сентябрмæ куыстытæн сæ фылдæр хай ахицæн уыдзæн.

— Цъæхвæлысты куыстытæ æмæ æндæр лыстæг хъуыддæгтæ фæфæстæдæр кæндзыстæм фæззæджы кæронмæ. Афтæмæй нæ горæты бæрæгбонмæ æрбацæуæг уазджытæм — цæттæ. Архайæм, цæмæй Аланийы Саргъуыды 1100 азмæ дæр алцы конд æрцæуа, ууыл, — загъта Дзоблайы-фырт.

Бæрнон кусæджы ныхасмæ гæсгæ, ныртæккæ архайынц 18 æхсæнадон бынаты. Сæ техникон цæттæдзинад ныртæккæ у 56 проценты.

Хæрзвадат æмæ аивгæнæн куыстытæ кæнынц бирæуæладзыгон хæдзæртты кæртыты. Ацы аз снысан кодтой 65 ахæм объекты сног кæнын. Уыдонæй, Дзоблаты Зурабы ныхасмæ гæсгæ, 53 кæрты куыстытæ райдыдтой.

**Нæ уацхæссæг**

Оу, мæнæ диссæгтæ, Царциаты диссæгтæ!..

## Китайаг сис афтæ фидар цæмæн у?

**Китайаг археологтæ куыд раиртæстой, афтæмæй, Стыр китайаг сис чи амадта, уыдон дуртæ кæрæдзиуыл фидар кодтой пырындзæй. Пырындзмæ ма-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, чъыр дæр бафтыдтой, æмæ-иу дзы рауад органикон æмæ æнæорганикон буаргъæдты змæст. Зындгонд куыд у, афтæмæй пырындзы ис амилопектин, чъыры та — кальцийы карбонад. Уыдон куы сæмхæццæ вæййынц, уæд дзы рауайы диссаджы фидар буаргъæд. Уыцы змæсты æртæхтæ кæм æрхаудысты, уым абон дæр кæрдæг нæ зайы.**

**Уымæй уæлдай ма пырындзы касæй Мины династийы рæстæджы пайда кодтой зæппæдзтæ æмæ кувæндæтты арæзтады дæр.**

## Паспорты къамтæ кæд фæзындысты?

Афтæ раджы нæ, уымæн æмæ уæдæй нырмæ æнус дæр нæма рацыд, бæлвырддæр дзургæйæ та — 1937 азы 23 октябры. Уымæй размæ паспортты къамтæ нæ уыдис.

Уыцы аз æмæ уыцы мæй, æрмæст 5 октябры Амстердамы райдыдта дыууæ зындгонд шахматисты ерыс дунейы чемпионы ном рамбулыныл. Ныхæй-ныхмæ æрбадтысты дунейы чемпион голландиаг Макс Эйве æмæ эмиграцийы уæвæг Александр Алехин. Алехин уымæй размæ ссис дунейы чемпион 1927 азы, фæлæ йыл 1935 азы Эйве фæуæлахиз, æмæ та мæнæ цалдæр азы фæстæ ногæй фембæлдысты.

Ацы хатт æнцонæй рамбылдта Алехин. Дыууæ ныхмæлæууæджы хъуамæ акодтаиккой 30 хъазты. Алехин æмгъуыдæй раздæр æрæмбырд кодта 15,5 очкойы æмæ дыккаг хатт ссис дунейы чемпион.

## Рагон шоколад

**VIII æнусы конд цæгатамерикаг дурынты ахуыргæндтæ ссардтой какаойы фæдтæ. Археологтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй, дурынтæ куы скодтой, уæдæй нырмæ цæуы 1200 азы бæрц. Мигæнæнтæ цæмæй конд сты, уый куы бæрæг кодтой, уæд дзы разындис кофеин æмæ теобромин. Уыцы алкалоидтæ та сты какаойы. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ Цæгат Америчы цæрджытæ шоколад хæрын райдыдтой, ныронг куыд нымадтой, уымæй 300 азы раздæр.**

**Зындгонд куыд у, афтæмæй какао у тропикон зайæгой. Æрцæуæн ис ахæм хатдзæгмæ: Цæгат æмæ Хуссар Америчы 'хсæн базарадон ахастдзинæдтæ уыдис VIII æнусы.**

*Бацæттæ сæ кодта ТОХСЫРТЫ Къоста*

Æнæниздзинад

## Дон нуазын пайда у, уæлдайдæр — сæрдыгон

**Æнтæф бонты дохтыртæ амонынц дон фылдæр нуазын. Фæлæ йæ куыд хъæуы нуазын? Куыд рабæрæг, афтæмæй уый хуымæтæг хъуыддаг нæу.**

Ахуыргæндты ныхасмæ гæсгæ, æнтæф рæстæджытæ куы ралæууы, уæд организмæн дон нал фæфаг кæны, æмæ уыцы хъуыддаг æнæниздзинадæн хæссы стыр зиан, уымæн æмæ организм 70 процентæй у донæй арæзт. Уæлдай тæссагдæр у, адæймаг йæхæдæг кæй нæ фембары, йæ организм донхъуаг æййафы, уый. Уæдæ бирæтæ, дойны сын у, уый стæм хатт йеддæмæ æмбаргæ дæр нæ бакæнынц, æмæ уый у ноджы тæссагдæр.

Дохтыртæ куыд зæгъынц, афтæмæй, организмы цы биохимион процесстæ цæуы, уыдон домынц бирæ дон, уымæ гæсгæ йæ хъæуы нуазын бирæгæйттæй. Дон кæй нæ фæфаг кæны, уый ахсæй тъæнгтæ хорз нал фæкусынц, сæры рыст сарæх вæййы, буары цъар хус æмæ дæрзæг кæнын райдайы, адæймаг иудадзыгдæр йæхи фенкъары лæмæгъ. Уавæр уый онг цæмæй ма æрцæуа, уый тыххæй уæ зæрдыл бадарут: дон нуазын хъæуы, дойны мын у, зæгъгæ, адæймаг уый куы бамбары, æрмæст уæд нæ, фæлæ йæм æппындæр куы нæ цæуа дон нуазын, уæддæр. Уымæй уæлдай, зæрдылдаринаг сты дон нуазыны æртæ ахсджиаг уагæвæрды.

**Фыццаг.** Суткæйы дæргъы дон нуазын хъæуы афтæ: уазал рæстæджыты 1-1,5 л, æнтæф бонты та — 2-2,5 л. Доны ацы бæрц хъæуы æмхуызон дихтæ ныккæнын æмæ йæ афтæмæй нуазын боны дæргъы, æрмæст изæрæй æмæ æхсæвы — нал.



**Дыккаг**. Сатæг ран уæвгæйæ, нуазын хъæуы сатæг дон, тæвд ран та — хъæрмуст дон. Уазал, уæлдайдæр та ихджын дон ахсæны, зæрдæйы куыст халгæ кæны, хъуыртæ фæриссын кæны.

**Æртыккаг.** Дон нуазын хъæуы хæрды фæстæ нæ, фæлæ уый размæ. Афтæмæй дойны тынгдæр сæтты, стæй адæймаг кæны мæллæгдæр, ахсæны куыст дæр вæййы нывыл.

Адæймаг дойны тынгдæр кæны:

**адджын дæттæй** — бирæ сæкæр сæ кæй ис, уымæ гæсгæ;

**карз нозтæй** — уый организмæй дон æддæмæ тынгдæр цæуын кæны;

**къофийæ** — уый дæр организмæй дон æддæмæ цæуын кæны, донимæ та рацæуынц хъæугæ буаргъæдтæ дæр.

Æппæтæй хуыздæр дойны сæттынц:

**уæхæдæг хæдзары кæй сцæттæ кæнат, ахæм донгъæд** — доны иу литрыл ныккæнын хъæуы иу лимоны лæмарæн, ныппарын дзы дыууæ уидыджы дзаг битъына æмæ иу стыр уидыджы дзаг мыд. Иумæ сæ схæццæ кæнут, афтæмæй дон иуцасдæр рæстæг бауадзут, стæй йæ нуазут;

**морс** — гагадыргъты, зæгъæм, хъæлæрдзыйы, мæнæргъы кæнæ туацъынæмыджы иу агуывзæйыл ныккæнут иу литр дон æмæ йæ афтæмæй цыппар сахаты бауадзут. Кæй фæнда, уымæн йæ бон у морсыл мыды иу уидыг афтауын;

**кæрдæджыты цай** — райсут битъына кæнæ æндæр хæрздæф кæрдæджыты (душицæ, мелиссæ) фæйнæ иу уидыджы дзæгтæ æмæ сыл ныккæнут 300 г фыцгæ дон. Цай иу 15-20 минуты бауадзут, цæмæй алæууа, стæй йæ мыдимæ цымут.

Æмбæлгæ бæрцытæй нуазын æмбæлы:

**минералон дон** — æнтæф бонты организм цы хъæугæ микроэлементтæ сафы, уыдон баххæст кæны;

**цъæх цай** — ис дзы минералон æмæ æндæр хъæугæ буаргъæдтæ;

**къуымæл** — ис дзы æвзалыйы туагад æмæ аминотуагад, уыдоны фæрцы дойны хорз сæтты, адæймаджы кæны уæнгрогдæр, фæлæ, къуымæлы бирæ калоритæ кæй ис, уымæ гæсгæ дзы нуазын хъæуы чысыл бæрцытæй.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй: **https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй: **8-(800)-200-34-11,** стæй ма официалон сайтæй дæр **https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис:

**Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**

**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй:**
**8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц се 'мкусæг Хъойбайты Галинæйæн йæ хо

**МАМСЫРАТЫ-ГÆБУАТЫ**
**Азæмæты чызг Фатимæ**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 17 августы, æртыццæджы, Дзæуджыхъæуы, Л. Шевцовайы уынджы 23-æм хæдзарæй.

Номыры радгæс редактор — **Тохсырты Къоста.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъæйырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 901.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**